

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

OKTÒB 2018

Bilten 11, NIMEWO 46
SA KI LADAN:

- Edikasyon sou Nivo Dlo Lanmè ki Ap Monte
- E(limine)-sigarèt elektwonik
- Konsèy sou Sekirite pou 'Halloween'

ENSKRIPSYON OUVRI POU PLIS PASE 380 PWOGRAM MAGNET JISKA 15 JANVYE 2019

MAGNET SCHOOLS

APPLICATION PERIOD
NOW OPEN!

October 1st - January 15th

Aplike jodi a! Vizite <http://miamimagnets.org> pou plis enfòmasyon oubyen rele 305-995-1922.



KANPAY R.E.S.P.E.C.T. POU PWOSESÈ

Pandan ane lekòl 2018-19 la, M-DCPS pral aksantye sou enpak transfòmasyonèl pwofesè genyen nan fòje e fòme lavi elèv nou yo. Chak mwa, nou pral demonstre enpòtans pwofesyon ansèyman an atravè aktivite chak mwa. Nou envite w vin patisipe avèk nou nan repete verite pèsòn pa ka nye a, ki se enpòtans pwofesè. Nou kreye modèl siy medya sosyal pou elèv, paran, pwofesè, ak manm kominote a itilize pou yo ka montre sipò yo pou pwofesè. Lè n ap poste mesaj nou sou



medya sosyal, silvouplè idantifye yo avèk @MDCPS (Twitter) oubyen @MiamiSchools (Facebook & Instagram) e sèvi ak

#RESPECT4TeachersMDCPS.
Visit <http://respect4teachers.dadeschools.net> pou telechaje modèl yo.

DAT ENPÒTAN

26 OKTÒB

Jounen pou Pwofesè
Fè Planifikasyon

6 NOVANM

Jounen pou Pwofesè
Fè Planifikasyon

12 NOVANM

Obsèvan Fèt Ansyen
Sòlda (Veterans Day)

21 NOVANM

Jounen pou Pwofesè
Fè Planifikasyon

22 NOVANM

Jou Remèsiman
(Thanksgiving)

23 NOVANM

Jou Konje

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

20 novanm: 10:00 dimaten Reyinyon Òganizasyonèl
11:00 dimaten Reyinyon Regilye
19 desanm: 11:00 dimaten Reyinyon Regilye

KANPAY UNITED WAY



Depi plis pase 40 ane, M-DCPS ap fè patenarya avèk United Way pou ede elaji posiblite pou lekòl nou yo ak kominote a an jeneral. Ane pase, anplwaye ak elèv yo te ranmase plis pase \$1.5 milyon!

An retou, United Way te envesti plis pase \$2 milyon nan pwogram ki ap ofri bonjan sèvis pou elèv nou yo tankou depistaj sante, devlopman kapasite lidè, konsèy, ak prevansyon kont abandone lekòl.

Lespri jenewozite, sansiblite ak siksè patenarya sa a se yon temwayaj pou sa nou ka akonpli ansanm lè nou ap travay pou n akonpli menm objektif.

Pou kòmanse, objektif nou se kreye chanjman dirab ki ka anpeche pwoblèm rive. Nou envite ou pou w kòmanse patisipe nan chanjman sa a. Ansanm, nou kanpe pou yon MIAMI KI PI SOLID.

M-DCPS FÈ EKIP AVÈK WLRN POU POTE EDIKASYON SOU OGMANTASYON NIVO LANMÈ A POU OU!



Sid Florid la ka wè yon ogmantasyon de (2) pye nan nivo lanmè a vè 2060, selon yon pwojeksyon gouvènman lokal yo fè nan itilize done ki soti nan NOAA, Kò Jeni Lane Ameriken ak "Intergovernmental Panel on Climate Change" (Panèl Entègouvènmantral sou Chanjman Klimatik) nan Nasyonzi. Sa chanje done yo pou rejyon an. Ogmantasyon nivo lanmè a vle di plis inondasyon ak pi gwo tanpèt pandan siklòn. E menmsi kay oubyen biznis ou pa touche dirèkteman, vwazinaj ou, pri asirans ou ansanm ak wout ki mennen nan lekòl, magazen oubyen lopital ki pi pre a ka afekte. Men nou gen tan pou n prepare e redui risk la. Se poutèt sa M-DCPS fè ekip ak WLRN, estasyon NPR Sid

Florid la (91.3), pou aprann plis konsènan ogmantasyon nivo lanmè a, sa l vle pou kominote nou an e kisa nou ka fè konsènan enpak yo. Yon fwa pa mwa bilten sa a ap prezante yon atik ki soti nan WLRN konsènan ogmantasyon nivo lanmè.

Pou kòmanse: "How bad is the risk that we face from rising seas" (Nan ki pwen risk pou nou fè fas ak ogmantasyon nivo lanmè a grav)?

Pwojeksyon "ogmantasyon de (2) pye nivo lanmè a vè 2060" la tris, men li pa sèten. Li pa konsidere etap moun ka pran pou pwoteje Sid Florid la. Gouvènman lokal yo ap travay sou pwojè tankou ponp ak dig, e yo menm ap panse redesine

zòn nan pou yo ka gen espas pou estoke dlo a, lè li twòp. Moun ki nan vwazinaj yo, fanmi ak pwopriyetè biznis yo ka mete plis pwoteksyon nan kay ak biznis yo avèk pano kont inondasyon ak lòt adaptasyon, e nan asire yo gen asirans pou inondasyon. Inivèsite lokal yo gen pwojè "citizen science" (syans sitwayen) kote ou ka ede moun ki ap fè rechèch yo suiv inondasyon e veye ogmantasyon nivo lanmè a. E pandan eleksyon mi-sezon yo, tout moun ka fè ofisyèl eli yo konnen yo vle plis atansyon sou fason pou n adapte nou ak nivo lanmè a. Resevwa plis repòtaj konsènan ogmantasyon nivo lanmè a sou WLRN la a: <http://www.wlrn.org/term/sea-level-rise>

VIN PATISPE AVÈK NOU NAN FOWÒM ANYÈL ESE POU FANMI AN




Samdi 27 oktòb, soti 10:00 dimaten rive 2:00 nan aprèmidi, "Department of Exceptional Student Education (ESE)" (Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl) pral prezante yon fowòm nan plizyè lang pou ofri enfòmasyon ak resous valab pou ede elèv ki gen andikap ak fanmi yo jwenn aksè nan pwogram ak sèvis ki disponib nan lekòl yo e nan kominote a. Fowòm ak Ekspozisyon ESE pou Fanmi: "Connecting Families to Community Resources" (Konekte Fanmi ak Resous Kominotè) a ap fèt nan Ponce de Leon Middle School, ki lokalize nan 5801 Augusto Street, Coral Gables, FL, 33146.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Kelli Hunter-Sheppard nan khunter@dadeschools.net oubyen nan 305-995-1531.

LANSMAN KANPAY KONSYANTIZASYON E(ELIMINE)-CIGS

Daprè "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi), "e-cigarette" (sigarèt elektwonik) se pwodui tabak jèn pi itilize. An 2016, plis pase 2 MILYON elèv nan lekòl mwayen ak segondè te sèvi ak sigarèt elektwonik. Ti jèn ak jèn adilt itilize sigarèt elektwonik akòz kiryozye, gou ak savè sigarèt elektwonik yo genyen, e paske yo kwè sigarèt elektwonik pa twò danjere. Daprè ofisyèl sante federal yo, nikotin trè adiktif, ak vapè fè plis adolesan eseye sigarèt.

M-DCPS devlope yon kanpay konsyantizasyon pou edike tout moun ki konsène, ki gen ladan elèv, paran/



gadyen, anplwaye, ak moun nan kominote a sou danje vapè ak sigarèt elektwonik. Jou ki te 16 oktòb, M-DCPS, ansanm ak Depatman Sante Miami-Dade County te lanse kanpay "E(liminate)-Cigs Anti-Vaping" (Elimine Sigarèt Pa Itilize Vapè). Lekòl mwayen ak segondè atravè M-DCPS pral òganize evènman pou re-

afime angajman elèv yo pou yo pa itilize pwodui ki gen vapè ak sigarèt elektwonik. Pou plis enfòmasyon sou pale avèk jèn ou a sou danje sigarèt elektwonik, vizite https://e-cigarettes.surgeongeneral.gov/documents/SGR_ECig_ParentTipSheet_508.pdf

PAS PAMM POU ELÈV



Èske w te konnen TOUT elèv klas matènèl – jiska 12èm ane eskolè elijib pou Pas PAMM GRATIS pou Elèv? Pas PAMM pou Elèv la ofri antre gratis, san limit nan 'Perez Art Museum Miami,' ki lokalize Anba Lavi Miami nan 'Museum Park.' Pas la pèmèt elèv la ak adilt ki akonpaye l la antre gratis nan mize a nenpòt lè.

Pou w jwenn Pas PAMM pou Elèv la senpleman vizite biwo mize a e mande aplikasyon an oubyen vizite www.pamm.org/studentpass pou telechaje aplikasyon an. Pwogram sa a se rezilta yon patenarya solid ant Lekòl Leta Miami-Dade County ak PAMM, ki ap ekspozè elèv yo nan kesyon atistik yo yon fason ki pa t konn fèt avan.

KONSÈY SOU SEKIRITE NAN 'HALLOWEEN'

Whether you're trick-or-treating in a hurry, or just plain impatient, "flying" through the crosswalk against the signal never ends well!

- Stay alert, obey the signal.
- Never rush or run across the street.
- Don't enter the crosswalk when the hand symbol or "DON'T WALK" appears.

Safety Doesn't Happen by Accident!

www.AlertTodayFlorida.com



'Halloween' prèske rive e anpil timoun ap soti nan nit pou 'trick-or-treat.' Asire w ou pran prekosyon pou w ka sèten timoun yo ap amize yo nan yon bon Halloween ki gen sekirite, e ki gen kè kontan.

Pou konsèy ak resous, vizite <https://www.safekids.org/halloween>.



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Josh Rios
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon Biwo Kominikasyon an

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon